

Endikasyon pou moun kap fé karantén lakay li

- 1.-Pasyan sipoze rete pou kont li nan yon chanm kote lé rantre {fenét louvri} .Si sa pa posib e ou oblije pataje chanm nan ak lòt moun, ou sipoze okipe yon kabann pou kont ou e respekte distans yon mét {1metro}
- 2.-Ou pa sipoze ale nan espas piblik, ou dwe sòti sélman si se nesésé, e ou dwe itilize kach-nen e toujou respekte yon mét distans lan avék lòt moun
- 3.-Ou sipoze itilize yon douch pou kont ou, si sa pa posib toujou sonje netwaye ak klowóks twalét la, lavabo a epi tout lòt kote ou te manyen yo oubyen okipe yo
- 4.-Ou sipoze manje nan menm chanm sa ke ou nan karantén nan
- 5.-Veso ou itilize tankou, asyét kiyé gode tas elatriye sipoze apa pou ou sélman e lave yo tou apa avék likid klowóks epi dlo cho
- 6.-Ou pa sipoze souke rad sal ou ni rad kabann ou, e ou sipoze mete yo nan yon saché fémen epi lave yo apa avék likid dlo cho pou kont yo san yo pa melanje ak rad lòt moun nan kay la
- 7.-Tout rés bagay ou fin sévi tankou, papye ou siye nenw' papye ejenik kach-nen elatriye sipoze jete tou swit nan yon saché fémen
- 8.-Ou sipoze lave menw' souvan ak dlo epi savon, seche menw'après ak sevyét papye takou papye ijènik ou napkin, epi itilize {alkól jél} lé menw'parét pwóp itilize napkin oubyen {papyè nova} epi toujou sonje jetel nan yon saché fémen. Lé wap touse fé sa nan koud menw'
- 9.-Moun kap pran swen pasyan nan kay la sipoze yon sél moun, e li dwe itilize mascara ou kach-nen lél pral rankontre avék moun ki gen viris la epi lave menw' ak dlo e savon avan e après ou itilize kach-nen an. Fé kouw'konnen pouw respekte distans yon mét la toutotan sa posib
- 10.-Toujou kite chanm nan ouvé, ranje e netwaye tout kote oubyen bagay nou itilize souvan tankou,{manch pót yo tiyo dlo douch oubyen kizin yo elatriye} ou ka prepare yon solisyon pou netwayaj avék{50cc klowóks pou 450cc dlo} oubyen 3 kiyé klowóks pou 2 tas dlo
- 11.-Okipe yon rejim ki sanité toujou rete an kominikasyon e cheché mwayen pouw'distréw anddan menm chanm ou nan karantén nan. Siw'gen lakou, fé ti soti pou yon ti tan avék kach-nen
- 12.-Pa pran okenn medikaman sinon ke preskripsyon dokté ba ou pou sa.